

Lèt oswa Mizajou FEMA

Release Date: Sep 11, 2021

Tout sivivan ki aplike pou resevwa asistans FEMA yo pral resevwa yon lèt nan men FEMA k ap di ki desizyon yo pran epi poukisa yo pran li. Sivivan yo kapab verifye eta aplikasyon yo an tou anliy sou DisasterAssistance.gov, ki se mwayen ki plis rapid pou resevwa enfòmasyon nan menm FEMA epi reponn yo tou.

Yo te trete ak evalye chak aplikasyon an fonksyon chak ka, kidonk rasire w li lèt ou an avèk anpil atansyon epi reponn si sa nesèsè. Si w pa dakò ak desizyon yo pran nan lèt konfimasyon an, ou kapab konteste.

Sonje, yon lèt ki pa gen okenn desizyon ladan li PA vle di yo refize ou. Li lèt konfimasyon ou an avèk anpil atansyon. Sa kapab rive ou manke papye oswa FEMA kapab gen bezwen plis enfòmasyon.

Kapab se Plis Papye yo gen Bezwen

- Fakti sèvis piblik yo, pou pwouve pwopriyete ki gen pwoblèm lan se rezidans prensipal ou li te ye nan moman katastwòf lan pase a
- Papye ki gen rapò ak asirans yo ki toujou annatant, sa ki pral pèmèt yo detèmine lòt pwogram sivivan ki elijib nan FEMA
- Yon souch chèk oswa yon kat idantite gouvènman an bay ki genyen pwopriyete ki gen pwoblèm lan
- Prèv ki di se ou menm ki se mèt pwopriyete a, tankou kopi peman ipotèk oswa yon sètifika pwopriyete a
- Kontra lwaye a ki pwouve se ou menm ki lwe kote a
- Aplikasyon Prè Katastwòf pou Administrasyon Ti Antrepriz yo ki ranpli

Faktè ki Kapab Aji sou Kalifikasyon

- **Dega ki pa valab.** Pafwa sivivan yo gen dega ki pa valab nan kay yo an epi/oswa byen pèsònèl yo epi pa kalifye pou yo resevwa èd. FEMA analize ka chak grenn sivivan apa nan objektif pou kouvri bezwen retablisman debaz yo.
- **Anrejistreman kolektif pandan y ap itilize adrès ou an.** Anjeneral, se sèlman yon adrès y ap aksepte pou chak anrejistreman. Nan kèk ka, akòz kantite moun



ki gen nan fanmi an, plizyè aplikan tankou kolokatè kapab aplike. Si w ap viv nan yon apatman oswa condo, mete enfòmasyon sou inite a nan anrejistreman ou an.

- **Domaj ki te fèt nan lòt rezidans lan.** Si domaj yo se nan yon lòt rezidans yo fèt kote w viv mwens pase sis (6) pandan ane a, ou kapab pa elijib pou resevwa asistans FEMA.

Si w respekte tout sa FEMA mande w respekte epi yo toujou refize demann ou an epi w pa dakò, gen yon pwosesis kontestasyon ki disponib. Kontestasyon yo gen rapò ak kalifikasyon yo, montan oswa kalite èd yo bay lan, yon aplikasyon ki depoze anreta, yon demann pou ranbouse lajan, oswa pwolongasyon èd. Yo dwe voye kontestasyon an bay FEMA ansanm ak tenb postal lan nan yon delè 60 jou apati dat yo te voye l?èt ki gen deizyon an.

Si w gen kesyon konsènan lèt kalifikasyon yo, vizite [DisasterAssistance.gov](https://www.DisasterAssistance.gov) oswa rele liy enfòmasyon asistans lan nan 800-621-3362 (TTY 800-462-7585). Gen operatè ki pale plizyè ki disponib.

Li rekòmande si w ap itilize yon sèvis relè tankou videophone ou an, Innocaption oswa CapTel, ou dwe bay nimewo espesyal ou genyen ki asosye ak sèvis sa. . Li enpòtan pou FEMA kapab kontakte ou, epi ou dwe konnen FEMA kapab rele w sou nimewo enkonni.

Kijan pou Kontakte FEMA

- Ale sou at [DisasterAssistance.gov](https://www.DisasterAssistance.gov)
- Rele Liy Enfòmasyon an nan 800-621-3362, TTY 800-462-7585
- Telechaje aplikasyon mobil FEMA

[Pou jwenn dènye enfòmasyon konsènan Siklòn Ida, vizite fema.gov/disaster/4611](https://www.fema.gov/disaster/4611)
Oswa swiv kont FEMA Region 6 lan sou Twitter nan twitter.com/FEMARegion6.

